

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data sarta instruménna, jeung téhnik nganalisis data anu dipaké dina ieu panalungtikan.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**


Dina ieu panalungtikan, panalungtik nyoko kana pamarekan kualitatif anu tangtu ngagunakeun métode panalungtikan. Ari métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku nu nalungtik dina ngumpulkeun data panlungtikanana (Arikunto, 2010, kc. 203). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif.

Métode déskriptif nya éta métode anu dipaké pikeun nganalisis data sacara déskriptif ku cara ngumpulkeun data di lapangan, tuluy dianalisis jeung didéskripsikeun dumasar kana fakta-fakta jeung sipat-sipat nu tangtu. Dina panalungtikan anu ngagunakeun métode déskriptif henteu nguji hipotésis jeung teu nyieun ramalan.

Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun rarangkén tukang dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMPN 44 Bandung. Anu didéskripsikeunna nya éta perkara struktur, fungsi jeung harti rarangkén tukang.

Dina ngalaksanakeun panalungtikan diperlukeun desain panalungtikan anu gunana pikeun ngagambarkeun sakabéh prosés panalungtikan sangkan nyaho kana léngkah-léngkah anu kudu dilakukeun ku panalungtik.

Desain panalungtikan disusun dumasar léngkah-léngkah: 1) nangtukeun masalah, 2) ngumpulkeun tiori anu ngadeudeul kana ieu panalungtikan tina buku-buku sumber, 3) nangtukeun métode panalungtikan jeung instrumén panalungtikan, 4) ngumpulkeun data rarangkén tukang tina sumber data, 5) analisis jeung deskripsi data, jeung 6) nyieun kacindekan tina hasil ngolah data. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah panalungtikan digambarkan saperti bagan ieu di handap:



Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan

### 3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMPN 44 Bandung Taun Ajaran 2014-2015. Ari datana nya éta sakabéh kecap anu dirarangkénan tukang dina karangan pangalaman pribadi siswa. Data anu kapanggih tuluy dianalisis dumasar kana struktur, fungsi jeung hartina.

Dina ngumpulkeun sumber data, panalungtik ngagunakeun tinimbangan ngeunaan kecap anu dirarangkénan tukang anu cumpon dina unggal karangan pangalaman pribadi siswa. Ku lantaran kitu tina jumlah sakabéh sumber data anu aya nya éta 356 karangan, nu dijadikeun sumber datana 15% tina jumlah karangan nya éta 53 karangan.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

#### 3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tés jeung kartu data. Instrumén tés pikeun ngumpulkeun data anu digunakeun aya dina wangun paréntah. Instrumén kartu data pikeun nganalisis data rarangkén tukang anu kapanggih. Cara nangtukeunana nya éta unggal kecap anu dirarangkénan tukang anu kapanggih dina hasil karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII digurat

handapan tuluy disalin kana kartu data. Sanggeus kitu dina kartu data téh eusina nya éta rarangkén tukang dilengkepan ku no. sumber data, paragraf, jeung kalimah jeung baris dicokotna éta kecap, tuluy analisis rarangkén tukang dumasar kana struktur, fungsi jeung hartina.

Contoh kartu data:

<p>Imah nini kuring aya di <i><b>kuloneun</b></i> pasar Banjar. (KPS1/P2/B1/K1)</p> <p>Kecap : kuloneun</p> <p>Struktur: -eun</p> <p>Fungsi : kecap barang</p> <p>Harti : tempat</p>
--

Keterangan:

KPS1 : Karangan Pribadi Siswa nu kahiji

P : Paragraf

B : Baris

K : Kalimah

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés jeung studi pustaka atawa telaah pustaka pikeun néangan tiori-tiori anu ngadeudeul kana ieu panalungtikan. Téhnik studi pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun tiori-tiori pikeun bahan tulisan sangkan dijadikeun papagon dina ngayakeun panalungtikan.

Téhnik ngumpulkeun data anu jadi objék panalungtikan nya éta:

- 1) ngayakeun tés ngarang pangalaman pribadi;
- 2) ngumpulkeun hasil karangan pangalaman pribadi siswa;
- 3) macaan karangan pribadi siswa;
- 4) nyirian kecap anu maké rarangkén tukang anu kapanggih;
- 5) nyalin kecap anu maké rarangkén tukang kana kartu data;
- 6) nganomeran kartu data.

### 3.4 Analisis Data

Téhnik dina nganalisis data ngagunakeun téhnik analisis unsur sacara langsung, nya éta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana (Hocket dina Sudaryat, 2004, kc. 32).

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun 2 modél analisis, nya éta modél tata unsur jeung modél paradigma. Modél tata unsur nya éta téhnik analisis basa anu nyingkahan aspék waktu, tapi ngadadarkeun basa dumasar kana unsur-unsur nu aya katut cara natana (Sudaryat, 2004, kc. 34). Ieu modél digunakeun pikeun nganalisis struktur anu ngawangun kecap rundayan hasil ngararangkénan tukang.

Ari modél paradigma nya éta téhnik analisis basa anu nganggap yén kecap mangrupa unsur pangutamana dina tata basa (Sudaryat, 2004, kc. 35). Ieu modél digunakeun dina nganalisis fungsi anu mucul balukar napelna rarangkén tukang kana wangun dasarna. Anapon léngkah-léngkah dina ngolah jeung nganalisis data ditataan di handap.

- 1) Mariksa deui kalawan rinci data anu aya dina kartu data.
- 2) Mindahkeun data nu aya dina kartu data kana wangun tabél.
- 3) Nangtukeun papasingan data dumasar kana struktur, fungsi jeung harti.
- 4) Nganalisis data dumasar kana struktur, fungsi jeung harti
- 5) Ngadéskripsikeun data dumasar kana struktur, fungsi jeung harti.
- 6) Nyieun kancindekan tina hasil ngolah data.